

## Referans Analiz Konpòtman Aplike a (Applied Behavior Analysis, ABA).

Analiz Konpòtman Aplike a oswa ABA, se yon terapi entansif ki fè siksè li nan trete moun nenpòt laj k ap viv ak Twoub nan Espèk Otistik la (Autism Spectrum Disorder, ASD) ak lòt twoub devlopman. Li ka favorize devlopman konpetans koyitif, nan langaj, sosyal ak nan adaptasyon. Yo bay sèvis ABA yo nan kay pi souvan, men yo ka ofri sèvis yo nan yon sant ABA, oswa nan kominote a.

### Ki sa w ap gen bezwen:


- Rapò dyagnostik yon Medsen, yon Doktè nan Medsin, yon Doktè nan filozofi, oswa yon Doktè nan sikoloji, k ap endike zouti evalyasyon yo itilize yo (egzanp: ADOS, CARS)
  - *Plan asirans yo ka gen kritè espesifik, verifye plan espesifik ou a*
- Lèt nesosite medikal yon Medsen, yon Doktè nan Medsin, yon Doktè nan filozofi, oswa yon Doktè nan sikoloji oswa yon enfimyè pratikan bay
- Kopi/foto devan ak dèyè kat asirans pitit ou a
- Egzamen fizik yon founisè medikal fè pandan 12 mwa ki sot pase yo

### Ki kote w ap jwenn yon ajans ABA:

Kote w abite ak kouvèti asirans ou ap detèmine ki ajans ABA ki disponib pou ou. Lis datant yo ka varye selon ajans lan, kidonk nou rekòmande pou w adrese w ak plizyè ajans. Pou ou lokalize yon ajans ABA, ou ka vizite sit wèb ki anba a.


### Enfòmasyon sou Andikap la

- <https://disabilityinfo.org/> -> Chwazi "Pwogram ak Sèvis" -> chwazi vil ou a nan lis k ap dewoule a -> chwazi "Sante Piblik" oswa "Asirans Prive" epi klike sou "Chache". Apati de kote sa a, amelyore rechèch ou a lè w chwazi "Tip Pwogram" sou bò gòch la epi chwazi "ABA." \* ou ka filtre selon lang ou itilize.



## Massachusetts Behavioral Health Access (MABHA)

➤ <https://www.mabhaccess.com/Search.aspx> chwazi "ABA" nan meni an



Anba a gen kèk ajans ki toujou anboche anplwaye ki pale plizyè lang oswa ki itilize sèvis entèprèt ak tradiksyon. Pa bliye konfime tout bezwen lengwistik ou genyen.

*\*Tanpri note: Pwogram otis la pa ni gen kontra ni apwouve okenn ajan ABA an patikilye. Nou ankouraje ou chwazi ajans ki pi byen koresponn ak bezwen fanmi ou yo.\**

### ABATEC, Espanyòl

Telefòn: 617.477.4050

Faks: 617-524.0406

Imèl: [info@abatec.org](mailto:info@abatec.org)

<https://www.abatec.org/>

### New England ABA, Sèvis Entèpretasyon

Telefòn: (866) 926-4345

Imèl: [info@ne-aba.com](mailto:info@ne-aba.com)

<https://ne-aba.com/>

### LAMOUR clinic, Espanyòl, Kreyòl Ayisyen

Telefòn: 781-885-7252

Imèl: [intake.ABA@LAMOURClinic.org](mailto:intake.ABA@LAMOURClinic.org)

<https://lamourclinic.org/programs/for-children/>

### Stars To Success, Vyetnamiyen

Phong Pham, M.Ed, BCBA, LABA

Telefòn: 857-919-4493

Imèl: [phong@starstosuccess.com](mailto:phong@starstosuccess.com)

<https://www.starstosuccess.com>

### Linx Autism Services, Espanyòl

490, Shrewsbury Street, Lower Level

Worcester MA 01604

Telefòn: 508-926-8777

Faks: 508-463-4132

Imèl: [hr@linxautism.com](mailto:hr@linxautism.com)

<http://www.linxautism.com/>

## ÒGANIGRAM Referans ABA a

Etap pou nou swiv pou nou ka jwenn sèvis analiz konpòtmantal aplike a:

### 1. Referans

Aprè w fin kontakte yon ajans ABA epi w fin bay tout dokiman w yo, y ap swa ajoute w nan yon lis datant oswa y ap kòmanse ak yon pwosesis admisyon. Ansanm pwosesis la ka dire de 8 semèn jiska yon lane. Mande ajans lan yon estimasyon tan datant lan.

### 2. Admisyon

Chak ajans gen pwosesis admisyon pa yo. Yon admisyon ka gen ladan l, ranpli yon fòmilè sou entènèt, pale ak yon moun nan telefòn, oswa fè yon reyinyon an pèsòn / vityèl. Se lè sa a y ap konnen objektif ou genyen pou pitit ou a epi y ap ranpli nenpòt lòt dokiman ki nesèsè.

### 3. Evalyasyon ak Otorizasyon Asirans lan

Y ap fè yon evalyasyon pou pitit ou a anvan sèvis yo kòmanse. Y ap voye evalyasyon an bay konpayi asirans ou an pou apwobasyon epi asirans lan ap detèmine pou konbyen èdtan y ap apwouve pitit ou a.

### 4. Klinisyen ak orè yo bay la

Depi konpayi asirans ou an fin apwouve sèvis yo, ajans ABA ap bay yon teknisyen konpòtman ak yon sipèvizè (Analysis nan Konpòtman ki Diplome (Board Certified Behavior Analyst, BCBA)) pou travay ak fanmi ou. Ou menm ak ekip ou a pral travay ansanm pou kreye yon orè ki ka varye ant 10-20+ èdtan pa semèn.

### 5. Kòmansman Sèvis yo

Lè sèvis yo kòmanse, terapi ABA ap konsantre sou fè konesans ak pitit ou a an premye, kolekte done epi devlope yon plan pou yo konnen ki fason y ap atenn objektif yo. ABA ka sanble diferan pou chak grenn moun.

### 6. Kontwòl Regilye

BCBA pitit ou a ap vin nan sesyon ou yo pafwa pou yo ka verifiye epi, pou yo ba ou fòmasyon kòm moun k ap bay swen an. Patisipasyon ou nan pwosesis sa a enpòtan. Tanpri, pa ezite pataje refleksyon ou yo, kesyon ou yo ak preyoqipasyon ou yo avèk nou nan nenpòt moman an.



**Non Timoun nan:** \_\_\_\_\_

**Dat Evalyasyon an:** \_\_\_\_\_

**Dat kòmansman nan sèvis lakay yo:** \_\_\_\_\_

**Non Ajan lan:** \_\_\_\_\_

**BCBA ki Dezinye:** \_\_\_\_\_

**Imèl ajans lan:** \_\_\_\_\_

**Terapis ki dezinye a:** \_\_\_\_\_

**Dat Admisyon an:** \_\_\_\_\_

**Nimewo Telefòn Ajans lan:** \_\_\_\_\_

**Nimewo Telefòn BCBA a:** \_\_\_\_\_

**Non Moun Pou Yo Kontakte a:** \_\_\_\_\_

**Nimewo Telefòn Terapis la:** \_\_\_\_\_

**Kontak pou Akèy la:** \_\_\_\_\_

**Peryòd Evalyasyon an:** \_\_\_\_\_

**Orè Sèvis Yo:**

	<b>DIMANCH</b>	<b>LENDI</b>	<b>MADI</b>	<b>MÈKREDI</b>	<b>JEDI</b>	<b>VANDREDI</b>	<b>SAMDI</b>
<b>MATEN</b>							
<b>APRÈMIDI</b>							

**Nòt:**

